



Pou Piblikasyon Imedya: 31/03/2021

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE PLIS EKSPANSYON PWOGRAM TÈS RAPID NEW YORK FORWARD LA POU EDE AKTIVITE EKONOMIK YO REOUVRI

25 Nouvo sit ouvri jedi 1ye avril la, ak yon total 70 sit nan tout eta a vè mi avril

Ouvèti nouvo sit nan Vil New York, Hudson Valley, Rejyon Kapital, New York Santral, Rejyon Lwès New York ak nan Long Island

Ekstansyon an akonpaye reouvèti sal espò rejyonal yo apati jedi 1ye avril la ak sal evènman, sal pèfòmans ak divètisman yo apati vandredi 2 avril

Moun yo ka telechaje prèv rezilta tès COVID-19 negatif yo sou Lese pase Excelsior Eta a [isit la](#)

Patenarya Piblik-Prive a te premye anonse nan Diskou Gouvènè a sou Sityasyon Eta a an 2021 pou mete tès rapid a ba pri disponib pou aktivite ekonomik ki amelyore

Aprann plis bagay sou Pwogram Tès Rapid New York Forward la [isit la](#)

Jodi a Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse yon ekspansyon Pwogram Tès Rapid New York Forward la pou ede biznis ak evènman yo reouvri nan tout sekirite, avèk 25 sit k ap ouvri jedi 1ye avril la ak 10 sit k ap ouvri nan de semèn kap vini yo pou yon total 70 sit nan tout eta a.

Patenarya piblik-prive inik sa -- ki te premye anonse nan Diskou Gouvènè a sou Sityasyon Eta a an 2021: Reimajine | Rekonstui | Renouvle epi ki te lanse nan fevriye a -- rann tès rapid a ba pri disponib pou piblik la pou sipòte aktivite ekonomik ki amelyore pandan Eta a kontinye ap reouvri sektè yo nan ekonomi an. Nouyòkè yo ka jwenn yon sit tès epi fè yon randevou [isit la](#), epi telechaje prèv rezilta tès negatif yo sou [Lese pase Excelsior](#), Eta a ki te lanse mwa pase a.

"Mwen te souliyen plizyè fwa ke tès se pati kle reouvèti ekonomi nou an e lè nou elaji Pwogram Tès Rapid New York Forward la, nou ka menm vin pi konfyan nan kapasite metrik ak retrasaj nou yo", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Nouvo sit tès rapid yo se ap zouti ki gen anpil valè pou kominote ak biznis yo paske y ap bay yon kouch pwoteksyon siplemantè pandan Nouyòkè yo ap retounen nan aktivite ekonomik yo."

Plizyè nan sit sa yo ap ouvri toupre oswa nan teren, estad ak lokal yo, k ap konplete enstriksyon reouvèti Eta a, ki pèmèt konpetisyon espòtif pwofesyonèl yo ouvri ak fanatik yo, epi lòt evènman amizman yo rekòmanse si tout patisipan yo prezante prèv yon tès COVID-19 ki resan oswa vaksinasyon, epi swiv pwotokòl sante ak sekirite siplemantè yo, ki enkli distans sosyal, kouvèti vizaj ak depistas sante.

Pwogram Tès Rapid New York Forward la vize pou elaji aksè nan tès rapid konsiderableman pou pèmèt biznis, espò pwofesyonèl ak sal lwazi yo reouvri nan fason ki pi sekirize. Rezo a akonpaye enstriksyon Eta a ki ogmante limit kapasite a an fonksyon prèv ke patisipan an gen yon tès negatif oswa vaksinasyon, ki enkli konpetisyon espòtif pwofesyonèl nan gwo estad ak teren yo, ke yo te pèmèt rekòmanse nan dat 23 fevriye a; resepsyon maryaj ak òganizasyon evènman yo, ke yo te otorize pou rekòmanse nan dat 15 mas; lokal espò rejyonal ki kenbe 1,500 moun andedan oswa 2,500 mon deyò yo, ke yo te otorize pou reouvri apati 1ye avril; ak sal pèfòmans atistik ak amizman yo, ke yo te otorize pou reouvri apati vandredi 2 avril la.

Komisè Pwovizwa, Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral yo nonmen pou Empire State Development, Eric Gertler te deklare, "Ekspansyon Pwogram Tès Rapid New York Forward la vini pandan deplizanpli Nouyòkè vin kalifye pou vaksen yo. Nou toujou gen yon responsablite pou nou fè atansyon epi obsève tout enstriksyon sante ki rekòmande yo, pandan Eta New York ap kontinye sipòte biznis yo lè li bay zouti yo bezwen pou yon reouvèti dirab epi nan tout sekirite ekonomi Empire State la".

Founisè sèvis tès k ap patisipe nan rezo a dwe mete tès rapid ki disponib pou pa plis pase 30 dola, bay patisipan yo rezilta yo nan 30 minit, ofri yon mekanis pou moun pwograme alavans epi repòte rezilta yo bay Eta a. Pou diminye depans tès la pou Nouyòkè yo epi ogmante kantite sit yo, Eta a ap bay aksè nan tès Abbott BinaxNow san peye pou kèk founisè epi travay ak Konsèy Imobilye Eta New York la (Real Estate Board of New York), Amelyorasyon Biznis Distri yo (Business Improvement District) ak lòt patnè atravè eta a pou idantifye espas ki vid nan sant komèsyal yo ke yo ka bay pou rezo tès la.

Moun ki pa gen sentòm COVID yo epi ki pa t ekspeze resaman ak COVID-19 nan fason ki koni, ka patisipe nan inisyativ sa lè yo vizite kote k ap patisipe yo epi ranpli yon kesyonè. Moun yo dwe kontinye respekte tout enstriksyon New York Forward yo sou reouvèti a, tankou itilizasyon kouvèti vizaj, distans sosyal, ak lòt pwotokòl yo, men ki pa limite ak sèlman.

Se BioReference Laboratories, Clarity MedHealth, Quest Diagnostics ak Rapid Reliable Testing ki pral opere tès nan nouvo sit ki deja egziste yo.

Pou jwenn sit k ap patisipe nan inisyativ sa epi pran yon randevou, vizite [sitwèb](#) pwogram nan.

Nouvo espas tès sa yo ap ouvri jedi 1ye avril:

- BioReference, 63 Columbia Street, Albany, NY
- BioReference at CVS Pharmacy, 373 Willis Avenue, Roslyn Heights, NY
- BioReference at CVS Pharmacy, 640 Franklin Ave, Valley Stream, NY
- BioReference at CVS Pharmacy, 480 Montauk Highway, Bay Shore, NY
- BioReference, 3 Times Square, New York, NY
- BioReference, Oculus; 185 Greenwich Street, Suite LL4330, New York, NY
- BioReference, 11 Pennsylvania Plaza, New York, NY
- Quest Diagnostics, 2106 Ellsworth Boulevard, Malta, NY
- Quest Diagnostics, 212 Station Plaza North, Mineola, NY
- Quest Diagnostics, 265 Jericho Turnpike, Floral Park, NY
- Quest Diagnostics, 165 North Village Avenue, Rockville Centre, NY
- Quest Diagnostics, 222 Rockaway Turnpike, Cedarhurst, NY
- Quest Diagnostics, 534 Montauk Highway, Center Moriches, NY
- Quest Diagnostics, 889 Harrison Avenue, Riverhead, NY
- Quest Diagnostics, 500 West Main Street, Suite 202, Babylon, NY
- Quest Diagnostics, 695 Dutchess Turnpike, Poughkeepsie, NY
- Quest Diagnostics, 30 Hatfield Lane, Goshen, NY
- Quest Diagnostics, 978 Route 45 Ste 202, Pomona, NY
- Quest Diagnostics, 970 North Broadway, Suite 205, Yonkers, NY
- Quest Diagnostics, 224-226 Atlantic Avenue, Brooklyn, NY
- Quest Diagnostics, 101 Broadway, Suite 302, Brooklyn, NY
- Quest Diagnostics, 137 East 36th Street, New York, NY
- Quest Diagnostics, 268 3rd Avenue, New York, NY
- Quest Diagnostics, 3014 37th Street, Astoria, NY
- Rapid Reliable Testing, Nassau Coliseum, 1255 Hempstead Turnpike, Uniondale, NY

Nouvo espas tès sa yo ap ouvri nan de semèn k ap vini yo:

- BioReference at CVS Pharmacy, 814 West Hempstead Avenue, West Hempstead, NY
- BioReference at CVS Pharmacy, 753 Fort Salonga Road, Northport, NY
- BioReference, 555 5th Avenue, New York, NY
- BioReference, Grand Central Station; 89 East 42nd Street, New York, NY
- BioReference, 301 East 45th Street, New York, NY
- Quest Diagnostics, Shop City Plaza, 396 Grant Boulevard, Syracuse, NY
- Quest Diagnostics, 418 3rd Street, Niagara Falls, NY
- Rapid Reliable Testing, Barclays Center, 620 Atlantic Ave, Brooklyn, NY
- Rapid Reliable Testing, Madison Square Garden, 4 Pennsylvania Plaza, New York, NY
- Rapid Reliable Testing, Citi Field, 41 Seaver Way, Queens, NY

Espas tès ki louvri sa yo te anonse anvan:

- BioReference at CVS Pharmacy, 1916 Williamsbridge Road, Bronx, NY
- BioReference at CVS Pharmacy, 27 North 6th Street, Brooklyn, NY
- BioReference at CVS Pharmacy, 168 Montague Street, Brooklyn, NY
- BioReference at CVS Pharmacy, 532 Neptune Avenue, Unit 1, Brooklyn, NY

- BioReference, 599 Lexington Avenue, New York, NY
- BioReference, 6 West 52nd Street, New York, NY
- BioReference, 1700 Broadway, New York, NY
- BioReference at CVS Pharmacy, 2182 Broadway, New York, NY
- BioReference at CVS Pharmacy, 475 6th Avenue, New York, NY
- BioReference, 231 West 40th Street, New York, NY
- BioReference, 205 West 34th Street, New York, NY
- BioReference, 200 West 57th Street, Suite 604, New York, NY
- BioReference, 352 7th Avenue, Suite 1204, New York, NY
- BioReference at CVS Pharmacy, 358 5th Avenue, New York, NY
- BioReference at CVS Pharmacy, 5 Penn Plaza, New York, NY
- BioReference at CVS Pharmacy, 338 East 23rd Street, New York, NY
- BioReference at CVS Pharmacy, 387 Park Avenue South, New York, NY
- BioReference at CVS Pharmacy, 275 Third Avenue, New York, NY
- BioReference at CVS Pharmacy, 30-97 Steinway Street, Astoria, NY
- BioReference at CVS Pharmacy, 68-02 Myrtle Avenue, Glendale, NY
- Clarity MedHealth, New York City Police Memorial, Liberty Street and South End Avenue, New York, NY
- Clarity MedHealth, Irish Hunger Memorial, Vesey Street and North End Avenue, New York, NY
- Clarity MedHealth, Pier A, 22 Battery Place, New York, NY
- Quest Diagnostics, 2 Executive Park Drive, Albany, NY
- Quest Diagnostics, 146 A Manettohill Road, Plainview, NY
- Quest Diagnostics, 91 College Plaza, Selden, NY
- Quest Diagnostics, 380 Washington Avenue, Kingston, NY
- Quest Diagnostics, 1869A East Main Street, Beach Shopping Center, Peekskill, NY
- Quest Diagnostics, 280 Dobbs Ferry Road, White Plains, NY
- Quest Diagnostics, 2415A Arthur Avenue, Bronx, NY
- Quest Diagnostics, 331 West 57 Street, New York, NY
- Quest Diagnostics, 115 East 57 Street, Suite 1530, New York, NY
- Quest Diagnostics, 8229 153rd Avenue, Queens, NY
- Quest Diagnostics, 98 John James Audubon Parkway Buffalo, NY
- Rapid Reliable Testing, 5 Times Square, New York, NY

Yon rezilta tè negativ pa retire posiblite pou enfeksyon konplètman oswa vle di ke yon moun pa gen risk pou pran oswa pwopaje COVID-19 la. Sepandan, depistaj ak tè inisyativ la se yon lòt zouti -- anplis itilizasyon kouvèti vizaj, distans sosyal, ak lòt pwotokòl -- ki ka mete biznis New York sou bon wout pou reouvri pi an sekirite nan kapasite ki pi wo. Pou aprann plis sou Pwogram Tès Rapid New York Forward la epi gade konsèy Depatman Sante (Department of Health, DOH), vizite [sit entènèt](#) pwogram nan.

Tout founisè tè ki patisipe yo te angaje pou repòte rezilta tè COVID-19 yo rapidman bay sistèm rapò laboratwa elektwonik DOH la (electronic clinical laboratory reporting system, ECLRS), ki pèmèt entegrasyon ak [Lesebase Excelsior](#)-- a, yon platfòm gratis,

volontè ki te devlope nan patenarya ak IBM, ki itilize teknoloji ki sekirize ki fè prèv yo, pou konfime PCR resan ki negatif yon moun oswa rezilta tèst antijèn oswa prèv vaksinasyon pou ede akselere reouvèti biznis ak sal evènman yo dapre enstriksyon DOH yo.

New York te nan ban devan nan devlope kapasite pou fè tèst pandan tout kriz COVID-19 la, ki fè plis pase 200,000 tèst pa jou an mwayèn. Vizite [sitwèb](#) Depatman Sante a pou jwenn yon sit tèst PCR oswa antijèn ki pre ou.

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)